

# Pye Benzoliv se yon mirak

Yon fwa te gen yon ti gason yo te rele Lukenson ki te genyen anpil frè ak sè e paran li pa te gen anpil manje pou te ba yo.

Papa Lukenson rive pa ka travay apwe l te fin'n tonbe sou yon pye bwa kote pye-l te kase.

Yon jou Lukenson tande papa-l ak manman-l ap pale de MilÈne ki se pi piti ti sè ya. Manman Lukenson ap kriye pase MilÈne vin'n chèche e malnouri. KÈ manman fè-l mal pase l onnn MilÈne bezwon bon manje. Men fanmi nan pa sa twouve manje.

## Pataje nouvel la:

ou menm ak zanmi-w ka pataje mesaj sa pa mwayen:

Foto desin ak slogan sou miray. Kreye postÈ. Jwe piÈs teyat.

FÈ demonstrasyon nan kwizin. Ekri yon atik nan journal.

Plante anpil pye benzoliv. Komansè yon pepinyè benzoliv.

Pataje pepinyè ak lot moun.

Chache vini ak anpil lût bon lide. Ansanm ansanm, nou ka fè yon mond ki bon.

## Fey bwa pwoteje kont 300 maladi

Tradisyon ansyen Ozind di ke fey benzoliv la ka pwoteje kont 300 maladi. Lasians modÈn konfime lide de baz sa.

Dr. C. Gopalan, Pwezidan Fondasyon Nitrisyon nan peyi Ind ak Doktè Kamla Krishnaswami yo tou 2 di ke fey benzoliv se yon sous ki rich e ki pa chÈ pou ti aliman.

## Fey Benzoliv genyen yon gran kantite:

Vitamin A, pou pwoteje kont maladi je, po ak kÈ; diare ak anpil lot pwoblem lasante. Vitamin C, pou konbat anpil maladi pase pran latifè ak grip. Kalsyòm, pou bay zo ak dan yo fòs epi pwoteje kolòn vètebwal koube sitou pou vye granmoun. Potasyòm, nesès pou fonksyonman sèvo ak nèf yo. Pwoteyin, se blok de baz ki mete tout selil nan kú nou an fòm.

Sa yo se nitritient an yo menm, men yo tout ansanb nan fey benzoliv la kreye yon gwo tonik lasante pou prevansyon maladi.

Lukenson tande sa pye bwa a ka fè. Apwe lekòl, li kouri ale lakay li byen vit pou-l di manman-l sa li apran-n.

LÈ li rive li wÈ yon pye bwa menm jan ak sa mèl la te montre nan lekòl la. Li wÈ ke manman ak papa-l gen pye bwa a nan lakou tou.

MÈl St-Juste mennen timoun yo nan lakou lekòl la, e pi li montre yo yon pye benzoliv kap grandi. MÈl la di yo ke pye benzoliv la grandi anpil kote andeyú an Ayiti, men anpil moun pa konnen sa fèy la ka fè pou moun.

Lukenson ale chèche manman-l. li montre-l pye bwa-a, li di ke fèy pye bwa sa a pral ede MilÈne gen anpil.

Manman komansè kuit fèy la nan anpil manje li fè. Apre Milene manje fèy la pandan anpil tan. MilÈne vin-n gwo, li kontan e an bòn-n sante.

Tout moun komansè pale de pye benzoliv nan tout andeyú an Ayiti e yo komansè manje fèy la. Tout moun kontinye manje-l san rete e yo fè anpil moun konnen li. Tout moun ki manje-l gen pi bòn-n sante.

Ajoute gou: fey bwa pa selman nourisan, men lè-w kwit yon ti kantite avek ninpút legum ka ajoute varyete a gou nan veso nou.

Itilize-l pandan tout ane a: pou nou ka itilize-l pandan tout ane-a, nou ka seche fey la e mete nan yon bwat. Kek kiyè nan poud fey benzoliv ap ajoute alimantasyon nan legum oubyen soup nou.

Fasil pou plante: pye bwa sa fasil pou plante e swaye. Yo kap leve pa semans oubyen pa boutu. Boutu a ta dwe yon ti bout bwa de 1 pous e 2 pye de longÈ. Fouye yon twou de 3 pye kib, epi plante bout dèyè boutu a yon pye de pwofondè nan yon melanj de fimye, tÈ ak sab. Plante boutu a nan ninpút sezon.



Nom \_\_\_\_\_

LÈkol \_\_\_\_\_

Program edikasyon se koutwazi:



Trees for Life (Haiti) Mouvmant tÈt ansam

Si ou vÈ plis photo konsa pale akÈ: Pasteur Dantus Louis Milot, Haiti

Si ou vle ti piÈ benzoliv, a adressÈ ou a Pasteur Dantus Louis nan Milot.